



DentaQuest[®]

**PWOGRAM
FLORIDA
MEDICAID
POU SANTE DAN**

**LIV ENFÒMASYON POU MANM YO
DESANM 2018**

SÈVIS TRADIKSYON AK ENTÈPRETASYON

Si ou bezwen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon, tanpri rele nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566. Nou kapab bay yon entèprèt pou ou nan telefòn Si ou gen yon move moman avèk odisyon ou oswa pwononsyasyon ou, tanpri rele nou nan TTY 800-466-7566.

Ou gen dwa pou jwenn materyèl ak enfòmasyon, tankou tiliv sa a ki bay enfòmasyon nan:

- Odyo
- Bray
- Gwo lèt
- Lòt lang

Rele Sèvis manm DentaQuest nan nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566, 8 a.m. jiska 7 p.m. pou materyèl sa yo.

AVI KONT DISKRIMINASYON

DentaQuest respekte lwa federal yo ki anvigè konsènan dwa sivil epi nou pa fè diskriminasyon sou baz ras koulè peyi kote moun soti laj, andikap, sèks, idantite seksyèl oswa preferans seksyèl. DentaQuest pa eskli moun oswa pa trete yo yon fason diferan akòz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, laj yo, andikap yo, sèks yo, idantite seksyèl yo oswa preferans seksyèl yo.

DentaQuest:

- Bay èd ak sèvis gratis pou moun andikape pou yo kominike yon fason efikas avèk nou, tankou:
 - Entèprèt langaj siy kalifye
 - enfòmasyon alekri nan lòt fòma (gwo lèt), odyo, fòma elektwonik ki fasil pou jwenn)
- Bay sèvis lang gratis pou moun ki gen lang natifnatal yo ki pa Anglè, tankou:
 - Entèprèt kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo, klike la a pou jwenn nimewo sèvis manm ki endike dapre eta ak plan.

Si ou kwè DentaQuest pa t ba ou sèvis sa yo oswa te pratike diskriminasyon kont ou nan yon lòt fason akòz ras ou, koulè ou peyi kote ou soti, laj ou, andikap ou, oswa sèks ou, ou kapab depoze yon doleyans avèk:

Ugonna Onyekwu
Civil Rights Coordinator
Compliance Department
465 Medford Street
Boston, MA 02159
Fakse doleyans ou nan nimewo: 617-886-1390
Telefòn: 617-886-1683
Imèl: FairTreatment@greatdentalplans.com
TTY: 711

Ou kapab depoze yon doleyans poukont ou oswa pa lapòs, nan faks oswa nan imèl. si ou bezwen èd pou depoze yon doleyans, Ugonna Onyekwu disponib pou ede ou.

Ou kapab depoze yon plent sou dwa sivil tou avèk Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights). Fòm pou depoze plent yo disponib sou sitwèb www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html. Ou kapab depoze yon plent sou fòm elektwonik nan pòtay Plent pou Dwa Sivil, ki disponib sou sitwèb <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan nimewo:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
617-770-1019, 617-770-7697 (TDD)

Si ou pa pale Anglè, rele nou nan nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566. Nou kapab jwenn sèvis entèprèt epi nou kapab reponn kesyon ou yo nan lang natifnatal ou. N ap ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki kapab pale avèk ou nan lang natifnatal ou.

Si usted no habla inglés, llámenos al 888-468-5509, TTY 800-466-7566. Ofrecemos servicios de interpretación y podemos ayudarle a responder preguntas en su idioma. También podemos ayudarle a encontrar un proveedor de salud que pueda comunicarse con usted en su idioma.

Si vous ne parlez pas anglais, appelez-nous au 888-468-5509, TTY 800-466-7566. Nous avons accès à des services d'interprétariat pour vous aider à répondre aux questions dans votre langue. Nous pouvons également vous aider à trouver un prestataire de soins de santé qui peut communiquer avec vous dans votre langue.

Si ou pa pale lang Anglè, rele nou nan 888-468-5509, TTY 800-466-7566. Nou ka jwenn sèvis entèprèt pou ou, epitou nou kapab ede reponn kesyon ou yo nan lang ou pale a. Nou kapab ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki kapab kominike avèk ou nan lang ou pale a.

Se non parli inglese chiamaci al 888-468-5509, TTY 800-466-7566. Disponiamo di servizi di interpretariato e siamo in grado di rispondere alle tue domande nella tua lingua. Possiamo anche aiutarti a trovare un fornitore di servizi sanitari che parli la tua lingua.

Если вы не разговариваете по-английски, позвоните нам по номеру 888-468-5509, TTY 800-466-7566. У нас есть возможность воспользоваться услугами переводчика, и мы поможем вам получить ответы на вопросы на вашем родном языке. Кроме того, мы можем оказать вам помощь в поиске поставщика медицинских услуг, который может общаться с вами на вашем родном языке.

ENFÒMASYON ENPÒTAN POU PRAN KONTAK

Ou kapab kontakte	Ki kote	Lè:
Member Help Line TTY	888-468-5509 TTY 800-466-7566	Disponib 24 èdtan chak jou
Sitwèb	www.DentaQuest.com/Florida	Disponib 24 èdtan chak jou
Jwenn Yon Dantis	<p>www.DentaQuest.com/Florida</p> <ul style="list-style-type: none"> “Jwenn yon Pwofesyonèl Swen Sante” sou sitwèb. Chwazi Florida. Chwazi plan ou <plan name> Ou kapab chèche pwofesyonèl swen sante yo avèk adrès kay ou oswa adrès travay ou. Ou kapab chèche yon pwofesyonèl swen sante ki ofri swen espesyal tou. 	Disponib 24 èdtan chak jou
Adrès Biwo	11100 W. Liberty Drive Milwaukee, WI 53224	Lendi-Vandredi, 8 a.m. jiska 7 p.m.
Nimewo Telefòn Biwo	888-468-5509 TTY 800-466-7566	Lendi-Vandredi, 8 a.m. jiska 7 p.m.

Liy Èd pou Manm	888-468-5509
Liy Èd TTY pou Manm	800-466-7566
Pou rapòte ka abi, neglijan abandon, oswa eksplwatasyon ou sispèk ki fèt sou timoun oswa adilt frajil	1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873) TTY: 711 oswa 1-800-955-8771 http://www.myflfamilies.com/service-programs/abuse-hotline
Pou Kalifikasyon pou Medicaid	1-866-762-2237 TTY: 711 oswa 1-800-955-8771 http://www.myflfamilies.com/service-programs/access-florida-food-medical-assistance-cash/medicaid
Pou rapòte Fwod nan Medicaid ak/oswa Abi oswa pou depoze yon plent konsènan yon sant swen sante	1-888-419-3456 https://apps.ahca.myflorida.com/mp-complaintform/
Pou depoze yon plent konsènan sèvis Medicaid	1-877-254-1055 TDD: 1-866-467-4970 http://ahca.myflorida.com/Medicaid/complaints
Pou mande yon Odyans san Paspouki konsènan Medicaid	1-877-254-1055 1-239-338-2642 (faks) MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com
Pou jwenn enfòmasyon sou swen ijan apre biwo fèmèn	888-468-5509, TTY 800-466-7566
Pou yon ijans	9-1-1 Ale nan saldjans ki toupre a

Kontakte Plan Sante ou si ou gen kesyon konsènan avantaj medikal ou yo.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Plan Sante ou la a:

https://ahca.myflorida.com/medicaid/statewide_mc/pdf/mma/SMMC_Provider_Plan_Contacts_2018-08-06.pdf

SA KI NAN LIV LA

Byenveni nan Plan Sante Dan DentaQuest	1
Dantis pou Swen Prensipal	1
Seksyon 1: Kat Idantifikasyon Plan Dantè ou (Kat ID)	2
Seksyon 2: Enfòmasyon Prive ou	2
Seksyon 3: Fason pou Jwenn èd nan Sèvis Manm	6
Seksyon 4: Èske Ou Bezwen Èd pou Kominike	6
Seksyon 5: Lè Enfòmasyon Ou yo Chanje	7
Seksyon 6: Kalifikasyon ou pou Medicaid	7
Seksyon 7: Enskripsyon nan Plan Nou an	8
Seksyon 8: Lè Ou Soti nan Plan Nou an (Anilasyon Enskripsyon)	9
Seksyon 9: Jesyon Swen Sante Ou	10
Seksyon 10: Fason pou Jwenn Sèvis yo	10
Seksyon 11: Enfòmasyon Enpòtan Sou Avantaj Ou yo	13
Seksyon 12: Avantaj Plan ou: Sèvis Swen Dan	18
Seksyon 13: Satisfaksyon Manm	23
Seksyon 14: Dwa ou kòm Manm	27
Seksyon 15: Responsablite ou kòm Manm	28
Seksyon 16: Lòt Enfòmasyon Enpòtan	29
Seksyon 17: Lòt Resous	30
Fòm Prim Ankourajman pou Konpòtman Manm ki bon pou Sante	32
Fòm Evalyasyon Risk	33
Fòm pou Modifye Enfòmasyon pou Pran Kontak	36



BYENVENI NAN PLAN SANTE DAN DENTAQUEST

DentaQuest gen yon kontra avèk Ajans Florida pou Administrasyon Swen Sante pou bay sèvis swen dan pou moun ki gen Medicaid. Pwogram sa a rele **Pwogram Sante Dan (Dental Health Program, DHP) Florida**. Ou enskri nan plan sante dan nou an. Sa vle di nou pral ofri ou sèvis swen dan avèk Medicaid. Nou travay avèk yon gwoup pwofesyonèl swen dan pou ede satisfè bezwen swen dan ou.

Tiliv enfòmasyon sa a pral sèvis kòm gid ou pou tout sèvis swen dan ki disponib pou ou. Ou kapab poze nou nenpòt kesyon ou vle oswa ou kapab jwenn èd pou pran randevou. Si ou bezwen pale avèk nou, annik rele nou nan nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566.

DANTIS POU SWEN PRENSIPAL

N ap afekte yon dantis pou wè souvan pou chak moun nan fanmi ou ki gen avantaj dantè avèk pwogram sa a. Yon Dantis pou Wè Souvan se yon dantis fanmi ou wè chak sis mwa. Dantis ki nan Klinik Dantis ou pou wè souvan an ap bay swen fanmi ou bezwen pou yo rete an sante.

Nou te chwazi Klinik Dantis pou fanmi ou wè souvan lè nou te chèche:

- Klinik dantis kote ou te fè dènye vizit ou pou swen dan oswa
- Klinik dantè dènye vizit ou te fè pou swen dan oswa
- Klinik dantè ki toupre kòd postal kay ou

Rele DentaQuest si ou gen kesyon konsènan Dantis Swen Prensipal ou. Ou kapab rele tou si ou ta renmen chanje Dantis Swen Prensipal ou. Sèvis manm DentaQuest 888-468-5509, TTY: 800-466-7566.

Seksyon 1

KAT IDANTIFIKASYON (KAT ID) PLAN SWEN DAN OU

Ou te dwe resevwa kat ID swen dan ou pa lapòs. Rele nou si ou pa t resevwa kat ou oswa si enfòmasyon ki nan kat ou pa kòrèk. Chak manm fanmi ou ki nan plan nou an ta dwe gen kat ID swen dan pa yo.

Mache avèk kat Idantite ou sou ou toutan epi prezante li chak fwa ou ale nan yon randevou pou swen dan Pa janm bay okenn lòt moun kat ID swen dan ou pou li itilize. Si kat ID swen dan ou pèdi oswa si yo vòlè li, rele nou pou nou kapab bay ou yon lòt kat ID swen dan.

Kat ID swen dan ou ap sanble avèk sa a:

	
Member Name:	Plan Name:
Member ID:	Effective Date:
DentaQuest Member Services: 888-468-5509, TTY 800-466-7566	

Seksyon 2

ENFOMASYON PRIVE OU

Konfidansyalite ou enpòtan pou nou. Ou gen dwa lè se pou pwoteje enfòmasyon sou sante ou, tankou non ou, nimewo idantifikasyon Plan ou, ras ou, gwoup etnik ou, ak lòt enfòmasyon ki idantifye ou. Nou p ap divilge okenn enfòmasyon sou sante ou san otorizasyon lalwa.

Si ou gen nenpòt kesyon, rele Sèvis Manm. Men règleman ak pwoteksyon nou yo konsènan enfòmasyon prive:

Avi DentaQuest konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon Prive

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE LI AVÈK ANPIL ATANSYON.

Enfòmasyon Prive Manm yo

DentaQuest konsidere enfòmasyon prive ou yon fason serye. Nou vle fè ou konnen pratik nou yo konsènan enfòmasyon prive.

Kijan Nou Itilize Enfòmasyon sou Sante?

DentaQuest itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou fasilite tretman ou, planifye peman pou tretman, epi pou lòt fonksyònman swen sante asosye. Men kèk egzanp itilizasyon oswa divilgasyon:

- Tretman: DentaQuest divilge enfòmasyon sou sante ou ba dantis k ap bay tretman pou ou oswa k ap planifye swen ou avèk yon lòt dantis, tankou yon espesyalis pou li kapab fasilite tretman ou. Pa egzanp, nou ka diskite sou plan tretman ou avèk dantis ou.
- Peman: DentaQuest itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou nou kapab resevwa peman. Pa egzanp, nou peye reklamasyon dantis ki te ba ou tretman prezante ban nou.
- Fonksyònman Swen Sante: DentaQuest divilge enfòmasyon sou sante ou pou fonksyònman swen sante nan pwosesis nòmal biznis nou. Pa egzanp, nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo pou nou kapab bay garanti, enskripsyon, ak lòt aktivite ki asosye avèk kreyasyon, renovèlman, oswa ranplasman yon plan avantaj. Men, nou pa ka itilize oswa divilge enfòmasyon jenetik ou pou nou bay garanti.

Nou respekte tout lwa leta ak lwa federal ki anvigè, ansanm ak nenpòt lwa ki afekte posiblite nou pou itilize enfòmasyon sou sante ou pou peman ak fonksyònman.

Lòt Sèvis:

DentaQuest ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou lòt rezon tou. Kèk nan itilizasyon ak divilgasyon sa yo ki:

- Obligatwa dapre lalwa, tankou dapre lòd yon tribinal, oswa ajans sipèvizyon sante oswa ajans aplikasyon lalwa.
- Pou aktivite sante piblik oswa pou doktè lejis ak egzaminatè medikal sizoka gen lanmò.
- Pou kominikasyon avèk fanmi oswa zanmi oswa yon responsab legal ki patisipe nan swen sante ou oswa ki gen otorizasyon ou oswa otorizasyon lalwa.
- Ba patwon ou (oswa ba lòt konpayi ki finanse plan an) pou administrasyon plan an (sof si ou gen pwoteksyon avèk yon lòt kontra asirans apa.
- Pou konpansasyon travayè, jan lalwa bay pèmision pou sa.

Sof jan sa endike nan avi sa a, nou pa ka itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo san otorizasyon ou alekri. Ou ka ban nou otorizasyon ou alekri tou pou itilize enfòmasyon sou sante ou oswa pou enfòmasyon ki pwoteje sou sante ou oswa pou divilge enfòmasyon yo ba nenpòt moun pou nenpòt rezon. Si ou ban nou otorizasyon ou alekri, ou ka anile li nenpòt lè de pi ou fè nou konnen anilasyon ou alekri. Anilasyon ou fè a p ap afekte okenn itilizasyon oswa divilgasyon nou ka fè avèk otorizasyon ou pandan li te anvigè Nou bezwen otorizasyon ou alekri pou vann enfòmasyon sou ou ba yon enstitisyon endepandan oswa, nan pifò sikonstans yo, pou itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo pou vann ou kominikasyon konsènan pwodui ak sèvis. Men, nou pa bezwen otorizasyon alekri ou pou voye kominikasyon ba ou konsènan pwodui ak sèvis ki asosye avèk sante toutotan pwodui ak sèvis yo asosye avèk pwoteksyon ou oswa toutotan se nou ki ba ou pwoteksyon an.

Dwa Ou Genyen pou Pwoteksyon Enfòmasyon sou Sante Ou

Anba la a se yon lis dwa ou genyen anrapò avèk enfòmasyon pwoteje sou sante ou. Ou ka egzèse nenpòt nan dwa sa yo depi ou kontakte Ofisye ki Responsab Enfòmasyon Prive avèk enfòmasyon pou pran kontak ki endike anba la a.

- Ou gen dwa pou mande restriksyon sou sèten itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pwoteje sou sante ou. Tanpri konnen DentaQuest pa gen obligasyon pou dakò avèk restriksyon ou mande a.
- Ou gen dwa pou resevwa kominikasyon sou enfòmasyon pwoteje sou sante ou nan DentaQuest nan yon lòt adrès oswa nan yon lòt mwayen (sètadi, imèl), depi divilgasyon tout oswa yon pati nan enfòmasyon ki itilize metòd livrezon ki la nan moman an pa kapab menase ou.
- Ou gen dwa pou wè oswa pou jwenn yon kopi enfòmasyon pwoteje sou sante nou konsève sou ou nan yon seri dosye nou chwazi (ou ka gen pou peye sèten frè).
- Ou gen dwa pou nou modifiye enfòmasyon pwoteje sou sante nou konsève sou ou nan yon seri dosye nou chwazi si enfòmasyon yo pa kòrèk oswa si yo la twò lontan.
- Ou gen dwa pou mande yon kopi avi sa a sou papye.

Obligasyon DentaQuest pou Pwoteje Enfòmasyon sou Sante Ou:

Antan konpayi asirans dan ou oswa administratè avantaj dantè ou, DentaQuest gen obligasyon dapre lalwa ak obligasyon kontrakyèl li yo pou:

- Maintain the privacy of your health information;

- Ba ou avi konsènan responsablite legal nou yo ak yon deskripsyon pratik konfidansyalite nou yo anrapò avèk enfòmasyon pwoteje sou sante ou; epi
- Voye avi ba moun konsène ki afekte lè gen yon vyolasyon enfòmasyon ki pa pwoteje sou sante.
- Fè moun k ap viv nan Texas konnen ka gen divilgasyon elektwonik enfòmasyon pwoteje sou sante yo.

DentaQuest gen obligasyon pou bay avi sa a pou ou epi pou nou respekte kondisyon avi ki anvigè nan moman an. Nou gen dwa pou chanje pratik konfidansyalite enfòmasyon prive, epi pou fè nouvo pratik yo anvigè pou tout enfòmasyon nou konsève yo. N ap fè ou konnen yon chanjman enpòtan nan pratik konfidansyalite nou. Avi revize yo ap disponib pou ou sou sitwèb nou www.DentaQuest.com/Florida epi, si ou fè demann lan, n ap voye yon avi revize pou ou pa lapòs.

Fason pou Kontakte Nou, Kòmantè, Sijasyon oswa Plent

Si ou ta renmen kontakte nou konsènan yon reklamasyon oswa pwoteksyon, tanpri kontakte nou nan

imèl: cssteam@dentaquest.com

telefòn: 800-334-6277

Oswa pa lapòs:

DentaQuest
Attn: Sèvis Manm
P.O. Box 2906
Milwaukee, WI 53201-2906

Si ou vle egzèse dwa ou pou enfòmasyon prive, si ou panse nou vyole dwa ou pou enfòmasyon prive, kontakte Ofisye ki Responsab Enfòmasyon Prive nan imèl: privacy@dentaquest.com, telefòn 888-788-8600 oswa pa lapòs:

DentaQuest
Attn: Privacy Officer
P.O. Box 2906
Milwaukee, WI 53201-2906

N ap mennen ankèt sou tout plent yo epi ou nou p ap fè vanjans kont ou poutèt ou depoze yon plent. Ou ka depoze yon plent tou konsènan enfòmasyon sou sante ou ba Sekretè Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal nan Washington, D.C.

Seksyon 3

FASON POU JWENN ÈD NAN SÈVIS MANM

Depatman Sèvis Manm nou an kapab reponn tout kesyon ou yo. Nou kapab ede ou chwazi oswa chanje Pwofesyonèl Swen Dan Prensipal ou (PDP pou pi kout), chèche konnen si yon sèvis garanti, jwenn referans, jwenn yon pwofesyonèl swen sante, ranplase yon kat ID ki pèdi, epitou eksplike ou nenpòt chanjman ki ta ka gen konsekans sou avantaj fanmi ou.

Fason pou Kontakte Sèvis Manm

Ou ka rele nou nan nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566 depi lendi jiska vandredi, ant 8 am ak 7 pm men pa nan jou ferye leta apwouve yo (tankou Jou Fèt Nwèl ak Jou Thanksgiving). Lè ou rele, sonje pou gen kat idantifikasyon (kat Id) ou nan men ou pou nou kapab ede ou. (Si ou pèdi kat ID ou, oswa si yo vòlè li, rele Sèvis Manm.)

Bezwen espesyal: Si ou gen bezwen espesyal DentaQuest oswa PDP ou bezwen konnen, tanpri kontakte Sèvis Manm. Nou kapab ede ou!

Fason pou Kontakte Sèvis Manm apre Lè Biwo

Si ou rele lè nou fèmen, tanpri kite yon mesaj. N ap retounen ou koutfil la nan pwochen jou ouvrab la. Si ou gen yon kesyon ijant, ou ka rele liy sèvis manm nou nan 888-468-5509, TTY 400-466-7566. Enfimyè nou yo disponib pou ede ou 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.

Seksyon 4

ÈSKE OU BEZWEN ÈD POU KOMINIKE?

Si ou pa pale Anglè, nou kapab ede ou. Nou gen moun ki ede nou pale avèk ou nan lang natifnatal ou. Nou bay èd sa a gratis.

Pou moun ki andikape yo: Si ou itilize yon chèz-woulant, oswa si ou avèg oswa si ou gen pwoblèm pou tandè oswa pou konprann, rele nou si ou bezwen èd siplemantè. Nou kapab di ou si yon klinik pwofesyonèl swen sante fasil pou antre avèk yon chèz-woulant, oswa si li gen aparèy pou kominikasyon. Epitou, nou gen sèvis tankou:

- Sèvis Relè nan Telekomunikasyon Sa ede moun ki gen pwoblèm pou tandè oswa ki gen pwoblèm pou pale pou fè koutfil. Rele 711 epi bay yo nimewo telefòn Sèvis Manm nou. Nimewo a se 888-468-5509, TTY 800-466-7566. Y ap konekte ou avèk nou.

- Enfòmasyon ak materyèl nan gwo lèt, odyo (son); ak bray
- Èd pou pran oswa pou jwenn randevou yo
- Non ak adrès pwofesyonèl swen sante ki espesyalize nan andikap ou

Nou bay tout sèvis sa yo pou ou gratis.

Seksyon 5

LÈ ENFÒMASYON OU CHANJE

Si nenpòt nan enfòmasyon pèsònèl ou chanje, fè nou konnen sa san pèdi tan. Ou kapab fè sa depi ou rele Sèvis Manm. Nou bezwen kapab kontakte ou konsènan bezwen swen sante ou.

Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF) bezwen konnen lè non ou, adrès ou, konte kote w ap viv la oswa nimewo telefòn ou chanje tou. rele DCF gratis nan nimewo 1-866-762-2237 (TTY 1-800-955-8771) depi lendi jiska vandredi ant 8 a.m. Ak 5:30 p.m. Ou kapab ale sou entènèt tou pou fè chanjman yo nan Koneksyon Otomatik Kominote ou nan Endepandans Ekonomik (Community Connection to Economic Self Sufficiency, ACCESS) sou sitwèb <https://dcf-access.dcf.state.fl.us/access/index.do>.

Ou ka kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal Social Security Administration, SSA) pou rapòte chanjman yo. Rele SSA gratis nan nimewo 1-800-772-1213 (TTY 1-800-325-0778), depi lendi jiska vandredi ant 7a.m. ak 7 p.m. Ou ka kontakte biwo Sekirite Sosyal lokal ou tou oswa ou ka ale sou entènèt pou fè chanjman yo sou sitwèb <https://secure.ssa.gov/RIL/SiView.do>.

Seksyon 6

KALIFIKASYON OU POU MEDICAID

Pou ou kapab ale nan randevou ou yo pou swen dan ou, epi pou DentaQuest kapab peye pou sèvis ou yo, ou dwe gen pwoteksyon nan Medicaid epitou ou dwe enskri nan plan nou an. Sa rele gen **kalifikasyon pou Medicaid**. DCF ap decide si yon moun kalifye pou Medicaid.

Pafwa bagay yo nan lavi ou ka chanje, epi chanjman sa yo kapab afekte si ou kapab oswa pa kapab gen Medicaid. Li enpòtan anpil pou asire ou gen Medicaid anvan ou ale nan nenpòt randevou ou yo. Senpleman paske ou gen yon Kat ID Plan an pa vle di ou toujou gen Medicaid. Pa enkyete ou!

Si ou panse Medicaid ou chanje oswa si ou gen nenpòt kesyon konsènan Medicaid ou, rele Depatman Sèvis Manm nou epi nou kapab ede ou tcheke li.

Si ou pèdi Kalifikasyon ou pou Medicaid

Si ou pèdi Medicaid ou epi si ou genyen li ankò nan 180 jou, n ap enskri ou nan plan nou an ankò.

Si ou gen Medicare

Si ou gen Medicare, kontinye itilize kat ID Medicare ou lè ou bezwen sèvis medikal (tankou ale nan klinik doktè oswa nan lopital), men bay pwofesyonèl swen sante kat ID Medicaid ou tou.

Si w ap akouche yon tibebe

Si ou gen yon tibebe, n ap pwoteje li nan dat akouchman an. Rele Sèvis Manm pou fè nou konnen tibebe ou rive epi n ap ede asire tibebe ou gen pwoteksyon avèk nou epi l ap gen Medicaid touswit.

Li bon si ou fè nou konnen ou ansent anvan tibebe ou fè pou asire tibebe ou gen Medicaid. Rele DCF gratis nan nimewo 1- 866-762-2237 pandan ou ansent. DCF ap asire tibebe ou gen Medicaid apati jou tibebe ou fèt. Y ap ba ou yon nimewo Medicaid pou tibebe ou. Fè nou konnen nimewo Medicaid tibebe ou lè ou resevwa li.

Seksyon 7 ENSKRIPSYON NAN PLAN NOU

Lè ou fèk antre nan plan nou an, ou gen 120 jou pou eseye plan nou an. Si ou pa renmen li pou yon lòt rezon, ou kapab enskri nan yon lòt plan dantè. Lè 120 jou yo pase, ou enskri nan plan nou an pou rès ane a. Sa rele fèmte nan yon plan. Apre ou antre nan plan nou an pou yon ane, ou kapab chwazi pou rete avèk nou oswa chwazi yon lòt plan. Sa rive chak ane ou gen Medicaid epi ou nan pwogram dantè a.

Enskripsyon Lib

Enskripsyon lib se peryòd ki kòmanse 60 jou anvan finisman ane ou nan plan nou an. Koutye Enskripsyon Eta a ap voye yon lèt ba ou pou fè ou konnen ou kapab chanje plan yo si ou vle. Sa a rele Peryòd Enskripsyon Lib. Ou pa gen pou chanje plan yo. Si ou kite plan nou an, epi ou enskri nan yon lòt, w ap kòmanse avèk nouvo plan ou nan finisman ane ou nan lan nou an. Lè ou enskri nan nouvo plan an, w ap gen yon lòt swasant jou pou deside si ou vle rete nan plan an oswa si ou vle chanje pou antre nan yon nouvo plan anvan ou fèmten

pou yon ane. Ou kapab rele Koutye Enskripsyon an nan nimewo 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970).

Seksyon 8 LÈ OU KITE PLAN NOU AN (ANILASYON ENSKRIPSYON)

Si ou kite yon plan sa rele anilasyon enskripsyon. Si ou vle kite plan nou an pandan ou fèmten an, ou dwe rele Koutye Enskripsyon Eta a. Dapre lalwa, moun yo pa kapab kite oswa chanje plan yo pandan yo fèmten sof pou rezon espesyal. Koutye Enskripsyon an ap pale avèk ou konsènan rezon ki fè ou vle kite plan an. Koutye Enskripsyon an ap fè ou konnen si rezon ou te endike a ap pèmèt ou chanje plan an.

Ou kapab kite plan nou an nenpòt lè pou rezon ki endike anba la yo (ki re le tou n Rezon Anilasyon Enskripsyon pou Rezon Valab)¹:

- W ap resevwa swen sante nan moman an nan klinik yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati nan plan nou an men ki fè pati nan yon lòt plan sante.
- Nou pa garanti yon sèvis pou rezon moral oswa relijye.
- Ou se yon Amerendyen oswa yon Natifnatal Alaska.

Ou kapab kite plan nou an tou pou rezon ki endike anba la yo, si ou fè pwosesis kontestasyon nou an²:

- Ou resevwa move kalite swen sante, epi Ajans pou Administrasyon Swen Sante dakò avèk ou apre yo analize dosye medikal ou yo.
- Ou pa kapab resevwa sèvis ou bezwen yo avèk plan nou an, men ou kapab resevwa sèvis ou bezwen yo avèk yon lòt plan.
- Ou jwenn reta pou resevwa sèvis yo san yon rezon valab.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan si ou kapab chanje plan yo, rele Sèvis Manm oswa Koutye Enskripsyon Eta a nan nimewo 1-877-711-362 (TDD 1-866-467-4970).

Lè nou Retire ou nan Plan Nou an (Anilasyon Enskripsyon kont Volonte ou)
Ajans pou Administrasyon Swen Sante kapab retire ou nan plan nou an

¹Pou jwenn lis konplè rezon pou Anilasyon Enskripsyon pou Rezon Valab, tanpri gade Règ Administratif Florida 59G-8600: https://www.flrules.org/gateway/RuleNo.asp?title=MANAGED_CARE&ID=59G-8600

²Pou konnen kijan pou mande yon kontestasyon, tanpri vire nan Seksyon 13, Satisfaksyon Manm, nan paj 23.

(epi pafwa nan pwogram SMMC nèt) pou sèten rezon. Sa rele anilasyon enskripsyon kont volonte. Men kèk nan rezon sa yo:

- Ou pèdi Medicaid ou.
- Ou ale deyò zòn kote n ap fonksyone a, oswa deyò eta Florida.
- Ou fè espre pou itilize kat ID plan an yon fason ki pa kòrèk oswa ou kite yon lòt moun itilize kat ID plan ou.
- Ou prezante oswa fè fo preskripsyon.
- Oumenm oswa moun k ap ba ou swen konpòte nou nan yon fason ki fè li difisil pou nou ba ou swen sante.
- Si Ajans pou Administrasyon Swen Sante retire ou nan plan nou an paske ou vyole lalwa oswa poutèt konpòtman ou, ou pa kapab retounen nan pwogram SMMC.

Seksyon 9

FASON POU JERE SWEN SANTE OU

Si ou gen yon pwoblèm dan ki bezwen sipò ak planifikasyon siplemantè, ou ka gen yon manadjè dosye avèk nou. Si ou gen yon pwoblèm oswa maladi dan ki bezwen sipò ak planifikasyon siplemantè, ou ka gen yon manadjè dosye avèk plan sante Medicaid ou. Si ou gen yon manadjè dosye oswa yon manadjè dosye plan sante, manadjè dosye ou kapab ede ou jwenn sèvis ou bezwen yo. Manadjè dosye ou ka travay avèk nou pou planifye swen dan ou avèk lòt sèvis swen sante ou yo. Si ou gen yon manadjè dosye plan sante Medicaid ou ba ou, rele Sèvis Manm pou fè nou konnen sa.

Seksyon 10

FASON POU JWENN SÈVIS YO

Anvan ou resevwa yon sèvis oswa anvan ou ale nan kèk randevou pou swen dan, nou dwe asire ou bezwen sèvis la epi li bon pou ou pou rezon medikal. Sa rele **otorizasyon davans**. Pou fè sa, nou analize istwa medikal ou ak enfòmasyon nou resevwa nan men dantis ou, doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante. Answit N ap deside si sèvis la kapab ede ou. Nou itilize règ nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante pou pran desizyon sa yo.

Kontinyasyon Swen Sante Ou

Lè ou fèk enskri nan plan nou an, ou ka deja ap resevwa sèvis nan klinik yon pwofesyonèl swen sante. N ap asire ou kontinye resevwa swen sante pwofesyonèl swen sante ou yo ba ou. Ou kapab kontinye resevwa swen sante nan klinik pwofesyonèl swen sante a pou jiska 90 jou.

Anvan 90 jou yo, pwofesyonèl swen sante ou dwe kontakte nou pou li kontinye bay sèvis yo pou ou. Si pwofesyonèl swen sante ou pa nan plan nou an, n ap ede ou jwenn yon nouvo pwofesyonèl swen sante ki nan plan nou an, pran yon randevou, epi transfere dosye sante ou ba nouvo pwofesyonèl swen sante a. Si ou gen kesyon, rele Sèvis Manm.

Pwofesyonèl Swen Sante ki nan Plan Nou an

Pou pifò pati a, ou dwe itilize sèvis dantis ak lòt pwofesyonèl swen dan ki nan rezo pwofesyonèl swen sante nou. Rezo pwofesyonèl swen sante nou se gwoup dantis ak lòt pwofesyonèl swen dan nou travay avèk yo. Ou kapab chwazi nenpòt pwofesyonèl swen sante ki nan rezo pwofesyonèl swen sante nou. Sa rele libète ou pou chwazi. Si ou itilize sèvis yon pwofesyonèl swen dan ki pa nan rezo nou an, ou ka gen pou peye pou randevou a oswa pou sèvis la.

W ap jwenn yon lis pwofesyonèl swen sante ki nan rezo nou an nan anyè pwofesyonèl swen sante nou an. Si ou pa gen yon anyè pwofesyonèl swen sante, rele nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566 pou jwenn yon kopi oswa ale sou sitwèb nou nan www.DentaQuest.com/Florida.

Pwofesyonèl Swen Sante ki Pa nan Plan Nou an

Gen kèk fwa lè ou kapab resevwa sèvis yo nan klinik pwofesyonèl swen sante ki pa nan plan nou an. Si ou bezwen yon sèvis epi nou pa kapab jwenn yon pwofesyonèl swen sante nan plan nou an pou sèvis sa yo, n ap ede ou jwenn yon lòt pwofesyonèl swen sante ki pa nan plan nou an. Sonje pou kontakte nou dabò anvan ou itilize sèvis yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo pwofesyonèl swen sante nou. Si ou gen kesyon, rele Sèvis Manm.

Lè Nou Peye pou Sèvis Ou yo

N ap garanti pifò nan sèvis swen dan ou, men kèk sèvis ka garanti avèk plan medikal ou. Tablo ki anba la a ap ede ou deside ki plan ki peye pou yon sèvis.

Kalite Sèvis Swen Dan (yo):	Plan Swen Dan an Garanti:	Plan Medikal la Garanti:
Sèvis Swen Dan	Garanti lè ou wè dantis ou oswa ijyenis dantè ou	Garanti lè ou wè doktè ou oswa enfimye ou
Sèvis swen dan ki pwograme nan yon lopital oswa sant operasyon	Garanti pou sèvis dantè avèk dantis ou	Garanti pou doktè, enfimye, lopital, ak sant operasyon yo
Vizit nan lopital pou yon pwoblèm dan	<i>Pa Garanti</i>	Garanti
Medikaman sou preskripsyon pou yon vizit pou swen dan oswa pou yon pwoblèm dantè	<i>Pa Garanti</i>	Garanti
Sèvis transpò pou sèvis oswa randevou pou swen dan	<i>Pa Garanti</i>	Garanti

Kisa Ou Gen pou Peye?

Ou ka gen pou peye pou randevou oswa pou sèvis swen dan nou pa garanti. Yon sèvis nou garanti se yon sèvis nou gen pou bay nan pwogram Medicaid. Tout sèvis ki endike nan tiliv enfòmasyon sa a se sèvis nou garanti. Sonje, senpleman paske nou garanti yon sèvis pa vle di w ap bezwen li. Ou ka gen pou peye pou sèvis yo si nou pa t apwouve li anvan.

Si ou resevwa yon bòdwo pwofesyonèl swen sante ou, rele Sèvis Manm. Pa peye bòdwo a jiskaske ou pale avèk nou. N ap ede ou.

Sèvis pou Timoun³

Nou dwe bay tout sèvis swen dan ki nesèsè pou rezon medikal pou manm nou yo ki gen laj 0 – 20 ane. Se lalwa. Sa vrè menmsi nou pa garanti yon sèvis oswa sèvis la gen yon limit. Toutotan sèvis swen dan pitit ou nesèsè pou rezon medikal, sèvis swen dan yo:

- Pa gen limit dola; oswa
- Pa gen limit nan tan tankou limit nan kantite èdtan oswa nan kantite jou

Pwofesyonèl swen dan ou ka bezwen mande nou apwobasyon anvan li bay pitit ou sèvis la. Rele Sèvis Manm si ou vle konnen fason pou mande sèvis sa yo.

³Yo rele tou "Tès Depistaj, Dyagnostik, ak Tretman Bnè ak Peryodik" oswa (Early and Periodic Screening, Dyagnostik, and Treatment, EPSDT).

Objeksyon Moral oswa Relijye

Si nou pa garanti yon sèvis akòz yon rezon relijye oswa moral, n ap fè ou konnen nou pa garanti sèvis la. Nan ka sa yo, ou dwe rele Koutye Enskripsyon Eta a nan nimewo 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970). Koutye Enskripsyon an ap ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante pou sèvis sa yo.

Seksyon 11

ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN AVANTAJ OU YO

Fason pou Chwazi yon Pwofesyonèl Swen Dan Prensipal (Primary Dental Provider, PDP)

Youn nan premye bagay w ap bezwen fè lè nou enskri nan plan nou an se chwazi yon pwofesyonèl swen dan prensipal (PDP). Se yon dantis jeneral oswa yon dantis timoun. W ap wè PDP ou pou vizit regilye pou swen dan, oswa lè ou gen yon pwoblèm dan. PDP ou ap ede ou resevwa swen lòt pwofesyonèl swen sante tou oswa espesyalis tou. Sa rele yon referans. Ou kapab chanje PDP ou depi ou rele Sèvis Manm.

Ou kapab chwazi yon diferan PDP pou chak manm fanmi ou oswa ou kapab chwazi yon sèl PDP pou tout fanmi an. Si ou pa chwazi yon PDP, n ap chwazi yon PDP pou ou ak fanmi ou.

Ou kapab chanje PDP ou nenpòt lè. Pou chanje PDP ou, rele Sèvis Manm.

Fason pou Chwazi yon PDP pou pitit ou

Li enpòtan pou chwazi yon PDP pou asire li fè egzamen dan timoun byen pòtan ou chak ane. Vizit sa yo se vizit tchekòp regilye ki ede kenbe dan pitit ou an sante. Vizit sa yo kapab ede jwenn pwoblèm epi kenbe pitit ou an sante.⁴

Ou kapab mennen pitit ou nan yon klinik dantis timoun oswa nan yon klinik dantis.

Ou pa bezwen yon referans pou resevwa sèvis swen dan pou evite pwoblèm dan epi pou kenbe bouch ou an sante. Sèvis swen dan pou evite pwoblèm dan epi pou kenbe bouch ou an sante kapab se yon revizyon bouch ou yon pwofesyonèl swen dan fè (tès depistaj oswa egzamen, ak mastik plastik mens nan twou dan molè dèyè ou yo (randui)). Sèvis sa yo gratis.

Swen Espesyalis ak Referans pou Wè yo

Pafwa, ou ka bezwen wè yon pwofesyonèl swen dan ki pa PDP ou pou

⁴Pou jwenn plis enfòmasyon sou tès depistaj ak evalyasyon ki rekòmande pou timoun, tanpri gade "Rekòmandasyon pou Swen Prevantif pou Timoun – alandriye Peryodisite" sou sitwèb "www.aap.org."

pwoblèm dan tankou pwoblèm, chòk oswa maladi espesyal. Pale avèk PDP ou anvan. PDP ou ap ba ou referans pou wè yon **espesyalis**. Yon espesyalis se yon pwofesyonèl swen sante ki konsantre sou yon kalite sèvis sante.

Si ou gen yon manadjè dosye, sonje pou fè manadjè dosye ou konnen **referans** ou yo. Manadjè dosye a ap travay avèk espesyalis la pou ba ou swen an.

Dezyèm Pwendvi

Ou gen dwa pou jwenn yon **dezyèm pwendvi** konsènan swen sante ou. Sa vle di pou pale avèk yon pwofesyonèl swen sante diferan pou wè sa li gen pou di konsènan swen sante ou. Dezyèm pwofesyonèl swen sante a ap ba ou pwendvi li. Sa ka ede ou deside si sèten sèvis oswa tretman pi bon pou ou. Ou pa gen depans pou fè pou jwenn yon dezyèm pwendvi.

PDP ou, manadjè dosye ou oswa Sèvis Manm ou kapab ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante pou ba ou yon dezyèm pwendvi. Ou kapab chwazi nenpòt nan pwofesyonèl swen sante nou yo. Si ou pa kapab jwenn yon pwofesyonèl swen sante avèk nou, n ap ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo provider” (jwenn yon pwofesyonèl swen sante nou. Si ou bezwen wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo pwofesyonèl swen sante nou pou dezyèm pwendvi a, nou dwe apwouve sa anvan ou wè li.

Swen nan Lopital

Si ou bezwen ale nan lopital pou yon randevou, operasyon oswa pou pase nwit, PDP ou ap ede ou mande apwobasyon an pou sèvis swen dan an. Nou dwe apwouve sèvis yon pwofesyonèl swen dan nan lopital la anvan ou ale ladan, sof pou ijans yo. Nou p ap peye pou sèvis swen yon pwofesyonèl swen dan ba ou nan yon lopital sof si nou apwouve sèvis yo davans oswa si se yon ijans.

Si ou gen yon manadjè dosye l ap travay avèk nou ak pwofesyonèl swen dan ou pou resevwa sèvis yo anplas pou apre lè ou kite lopital la.

Swen pou Ijans

Ou gen yon ijans pou swen dan lè ou bezwen atansyon imedyat, pou sispann senyman soulaje doule grav oswa pou pa pèdi yon dan. Men kèk egzanp:

- Absè
- Senyman ki p ap sispann.
- Enfeksyon

Sèvis ijans yo se sèvis ou resevwa lè malad anpil oswa lè ou pran gwo chòk. Sèvis sa yo ap eseye kenbe ou vivan oswa anpeche ou vin grav. Anjeneral, yo bay sèvis yo nan yon saldjans.

Si pwoblèm medikal ou grav, rele 911 oswa ale nan sant medikal pou ijans ki pi pre ou touswit. Ou ka ale nan nenpòt lopital oswa sant medikal pou ijans. Si ou pa byen konnen si se yon ijans, rele PDP ou. PDP ou ap di ou sa pou fè.

Nou peye pou sèvis annijans yon pwofesyonèl swen dan bay, menmsi sèvis yo pa fè pati nan plan nou oswa nan zòn sèvis nou. Medicaid oswa plan sante Medicaid ou ap peye frè lopital la oswa sant medikal pou ijans lan epi pou nenpòt sèvis ou resevwa nan yon saldjans pou trete pwoblèm medikal ou. Ou pa bezwen resevwa apwobasyon davans nonplis pou resevwa swen annijans oswa pou sèvis ou resevwa nan yon saldjans pou trete pwoblèm medikal ou.

Si ou gen yon ijans lè ou lwen lakay ou, chèche swen medikal ou bezwen an. Sonje pou rele Sèvis Manm epi pou fè nou konnen sa.

Swen Ijan

Swen Ijan oswa Swen pou Ijans. Swen Ijan nesèsè lè ou gen yon chòk oswa maladi ki dwe trete anvan 48 èdtan. Anjeneral, ante ou ak lavi ou pa an danje, men ou kapab rete tann pou wè PDP ou oswa se apre lè klinik PDP ou fèmen. Sonje pou mande nou anvan ou itilize yon Sant Swen Ijan, oswa ou ka gen pou peye pou sèvis yo.

Si ou bezwen swen ijan apre lè biwo epi ou pa kapab kontakte PDP ou, rele nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566.

Ou ka jwenn sant Swen Ijan ki pi pre ou depi ou rele nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566.

Gen kèk fason pou jwenn swen sante apre lè nòmal biwo, selon bezwen pitit ou:

Pwofesyonèl swen sante ki gen orè ki long

- Kèk pwofesyonèl swen sante ofri orè klinik ki long nan aswè ak nan jou wikenn.
- Rele PDP ou oswa ale sou sitwèb klinik li pou konnen si li louvri.

Sant swen ijan yo

- Sant swen ijan yo wè pasyan ki bezwen swen imedyat, men pa pou bay atansyon annijans epi dantis prensipal yo pa disponib.
- Kèk sant swen ijan egzije ou pou pran yon randevou alòske lòt yo aksepte pou wè pasyan yo san yo pa gen randevou. Sonje pou rele davans pou mande.
- Anjeneral sant swen ijan yo konsantre sou pwoblèm medikal epi yo pa ka trete pwoblèm dan. Sonje pou rele davans pou mande.

Saldijans

- Si pitit ou gen yon ijans ki menase lavi li, rele 911 oswa ale nan saldjans ki pi pre ou.

Fason pou Egzekite Preskripsyon yo

Nou pa gen pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo. Si PDP ou rekòmande yon medikaman pou ou, nou kapab ede ou jwenn medikaman an avèk Medicaid oswa plan sante Medicaid ou. Ou kapab rele Sèvis Manm si ou bezwen èd.

Pwogram Rekonpans pou Manm

Nou ofri pwogram swen dan pou ede kenbe ou an sante epi pou ede ou viv yon lavi ki pi bon pou sante ou. Nou konsidere pwogram sa yo kòm konpòtman ki bon pou sante ou. Ou kapab genyen rekonpans pandan w ap patisipe nan pwogram sa yo. Plan nou an ofri pwogram swen dan ki endike anba la yo:

Tanpri sonje ou pa kapab transfere rekonpans yo. Si ou kite plan nou an pou plis pase 180 jou, ou ka pa resevwa rekonpans ou. Si ou gen kesyon oswa si ou vle antre nan nenpòt nan pwogram sa yo, tanpri rele nou nan nimewo 888-468-5509. TTY 800-466-7566.

Pwogram Prim Ankourajman DentaQuest pou Konpòtman ki Bon pou Sante

Nou enterese nan sante ou. Nou vle pou viv an sante.

Li enpòtan pou ale nan klinik dantis prensipal ou epi pou gen bon abitud sante bouch ou.

DENTAQUEST VLE REKONPANSE OU!

DentaQuest ap voye yon chèk-kado Walmart \$20 ba ou si:

- Ou fè yon vizit pou swen prevantif nan klinik dantis prensipal ou.
- Epi ou antre nan pwogram DentaQuest pou resevwa mesaj nan tèks.

Li enpòtan pou wè yon dantis pou evite twou nan dan ou ak lòt pwoblèm dan. Pwoblèm dan pa gen sentòm souvan. Poutèt sa ou ka pa menm konnen si ou gen yon pwoblèm. W ap gen lapè nan tèt si tout bagay anfòm epi nou swete se sa. Men si gen nenpòt pwoblèm li pi fasil pou pran swen yo bonè.

JWENN PLIS KONSÈY POU SANTE BOUCH OU SOU SITWÈB

www.DentaQuest.com/Florida.

- Bwose dan natirèl ou yo de fwa pa jou.
- Pase fil dantè omwen yon fwa chak jou.
- Wè dantis la chak sis mwa.

Limit oswa restriksyon yo:

- Manm ki kalifye yo ap vin kalifye pou chèk-kado a tou yon fwa pandan lavi yo.
- Manm lan dwe jwenn youn nan sèvis swen dan admisib ki endike anba la a nan 180 jou apre enskripsyon li.
- Manm kalifye ki gen 0-20 ane ki resevwa yon sèvis swen dan admisib.
- Manm kalifye yo ki gen 2-3 ane ki resevwa yon vizit pou swen dan.
- Manm kalifye ki gen 19-20 ane ki resevwa yon vizit pou swen dan.
- Manm kalifye a dwe antre nan pwogram pou resevwa mesaj nan tèks.

Fòm pou enskri nan Pwogram Prim Ankourajman pou Konpòtman ki Bon pou Sante nan paj 16 tiliv enfòmasyon sa a.

Pwogram pou Amelyorasyon Kalite

DentaQuest travay avèk Florida Medicaid pou ofri ou sèvis sante bouch. DentaQuest ka ajoute kèk pwogram pou ede amelyore sante bouch ou. Pwogram sa yo rele pwogram amelyorasyon kalite (quality enhancement, QE). Se fason sa a Florida Medicaid eksplike sa yon pwogram QE ye. “Sèten sèvis ki asosye avèk sante, ki baze nan kominote a epi nou dwe ofri avèk Plan Sante Dan ki Peye Davans ak planifye pou ede manm li yo resevwa li. Ajans/Medicaid pa ranbouse Plan Sante Dan ki Peye Davans pou kalite sèvis sa yo.”

DentaQuest ap bay pwogram byennèt jeneral pou dan pou manm ki poko gen laj 21 ane. Nou ankouraje ou ak fanmi ou pou itilize pwogram sante bouch ki baze nan kominote a. DentaQuest ka ofri yon pwogram-pilòt QE. Yon pwogram-pilòt vle di se yon bagay tounèf. Li ka sèlman nan sèten zòn eta a. Yon pwogram-pilòt QE kapab vin yon pwogram nan nivo eta a si li travay pou amelyore sante bouch. DentaQuest ap ede ou ak fanmi ou itilize pwogram sa yo.

Lè DentaQuest kreye yon pwogram QE, n ap:

- Eksplike alekri kijan pwogram QE ap travay;
- Eksplike li nan liv enfòmasyon manm lan oswa sou entènèt sou sitwèb www.DentaQuest.com;
- Ofri pwogram QE yo nan kote ki toupre kote oumenm ak fanmi ou ap viv lè li posib, epi
- Travay avèk ajans ak òganizasyon kominotè yo.

Seksyon 12

AVANTAJ PLAN OU: SÈVIS SWEN DAN

Tablo ki anba la a bay lis sèvis swen dan nou garanti yo. Sonje, ou ka bezwen yon referans doktè ou, dantis ou oswa apwobasyon nou anvan ou ale nan yon randevou oswa anvan ou itilize yon sèvis. Sèvis yo dwe nesèsè pou rezon medikal pou nou kapab peye pou yo⁵. Ou ka gen yon kopeman \$3.00 pa jou pou vizit pou swen dan ki pa ijans nan yon sant sante ki gen kalifikasyon federal.

Si gen chanjman nan sèvis nou garanti yo oswa lòt chanjman k ap afekte ou, n ap fè ou konnen sa alekri omwen 30 jou anvan dat kòmansman chanjman an.

Si ou gen kesyon konsènan nenpòt nan sèvis medikal ki garanti yo, tanpri rele Sèvis Manm nan nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566.

Sèvis	Deskripsyon	Pwoteksyon an/Limit yo	
		Timoun (laj 0-20 ane)	Adilt (laj 21+ ane)
Egzamen dan	Yon revizyon dan ou, dan ou yo, oswa bouch ou yon dantis fè	<ul style="list-style-type: none"> Nou garanti egzamen konplè yo yon fwa chak 3 zan Nou garanti egzamen tchekòp yo 2 fwa chak 3 ane Nou garanti egzamen pou ijans yo lè yo nesèsè pou rezon medikal 	<ul style="list-style-type: none"> Egzamen konplè pou fo dan garanti 1 fwa chak 3 zan Nou garanti egzamen pou ijans yo lè yo nesèsè pou rezon medikal
Tès depistaj dantè (nan dan)	Yon revizyon bouch ou yon ijyenis dantè fè	<ul style="list-style-type: none"> Sa ki garanti 2 fwa chak ane Ou ka fè li nan yon pwogram lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	
Radyografi dan	Imaj andedan dan yo avèk obsèvasyon diferan	Nou garanti tout kalite radyografi dan	Nou garanti tout kalite radyografi dan sèlman: <ul style="list-style-type: none"> 1 seri konplè radyografi bouch la chak 3 zan 1 obsèvasyon radyografi bouch la nèt (panoramik) chak 3 zan Lòt radyografi dan senp jan li nesèsè

SMDPH = Plan Medicaid pou Swen Dan nan Eta a Dental Health Plan

⁵ Ou kapab jwenn definisyon Nesèsite Medikal sou sitwèb http://ahca.myflorida.com/medicaid/review/General/59G_1010_Definitions.pdf

Sèvis	Deskripsyon	Pwoteksyon an/Limit yo	
		Timoun (laj 0-20 ane)	Adilt (laj 21+ ane)
Netwayaj Dan	Netwayaj debaz ki ka gen ladan, bwose, fwote ak polisaj dan	<ul style="list-style-type: none"> Sa ki garanti 2 fwa chak ane Ou ka fè li nan yon pwogram lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	
Fliyò	Yon medikaman dantis la mete nan dan yo pou fè yo vin pi solid	<ul style="list-style-type: none"> Nou garanti fliyò: <ul style="list-style-type: none"> 4 fwa chak ane pou timoun ki gen 0-5 ane 2 fwa chak ane pou timoun ki gen 6-20 ane Ou ka fè li nan yon pwogram lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	
Mastik	Mastik ki mens ak plastik ki pentire nan fant dan sifas mastikasyon adilt pou ede evite twou nan dan yo	<ul style="list-style-type: none"> Nou garanti mastik yo 1 fwa chak 3 zan pou chak dan mastikasyon (dèyè) adilt Ou ka fè li nan yon pwogram lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	
Enstriksyon pou Sante Oral	Edikasyon sou fason pou bwose dan ou, pou pase fil dantè ladan yo epi pou kenbe yo an sante	<ul style="list-style-type: none"> Nou garanti enstriksyon pou sante oral 2 fwa chak ane Ou ka fè li nan yon pwogram lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	
Sipò pou Dan ki Rache	Yon fason pou kenbe espas nan bouch la lè yon dan rache oswa pa la	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal	
Plonbaj ak Kouwòn	Yon sèvis swen dan pou fikse oswa pou repare dan yo	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal	
Kanal radikilè	Yon sèvis swen dan pou fikse andedan pati yon dan (nè a)	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal	
Pawodonti	Netwayaj konplè ki ka gen ladan dan ak jansiv ou	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal	

SMDPH = Plan Medicaid pou Swen Dan nan Eta a Dental Health Plan

Sèvis	Deskripsyon	Pwoteksyon an/Limit yo	
		Timoun (laj 0-20 ane)	Adilt (laj 21+ ane)
Pwostodonti	Fodan oswa lòt kalite objè pou ranplase dan yo	<ul style="list-style-type: none"> 1 dan anwo 1 dan anba oswa 1 gwoup fodan konplè 1 dan anwo 1 dan anba oswa pati nan 1 gwoup fodan konplè 1 ranplasman pwovizwa pou ranplase dan devan yo 1 amelyorasyon pou ajisteman fodan ak konfò (rebazaj) pou chak fodan chak ane 	<ul style="list-style-type: none"> 1 dan anwo 1 dan anba oswa 1 gwoup fodan konplè 1 dan anwo 1 dan anba oswa pati nan 1 gwoup fodan konplè 1 amelyorasyon pou ajisteman fodan ak konfò (rebazaj) pou chak fodan chak ane
Otorizasyon Davans: Mande nou apwobasyon anvan ou ale nan yon randevou pou sèvis sa yo			
Otodonti	Aparèy dantè oswa lòt fason nou garanti jan yo nesèsè pou rezon medikal pou korije dan ki nesèsè yo	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medical Otorizasyon Davans: Mande nou apwobasyon anvan ou ale nan yon randevou pou sèvis sa yo	
Rache dan	Rache dan	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal
Sedasyon	A way to provide dental services where a patient is asleep or partially asleep	Covered as medically necessary	Covered as medically necessary
Sant Operasyon san Pasyan pa Entènè oswa Sèvis Swen Dan ki baze nan Lopital	Sevis swen dan yo pa kapab bay nan yon klinik dantis. Sèvis sa yo se sèvis dantis la bezwen ba ou avèk diferan ekipman epi diferan pwofesyonèl swen dan	Garanti pou rezon medikal pou nenpòt sèvis swen dan ki nesèsè Otorizasyon Davans: Mande nou apwobasyon anvan ou ale nan yon randevou pou sèvis sa yo	Nou garanti yo jan yo nesèsè pou rezon medikal pou ekstraksyon

SMDPH = Plan Medicaid pou Swen Dan nan Eta a Dental Health Plan

Avantaj Plan ou: Avantaj ki Ogmante

Avantaj ogmante yo se machandiz oswa sèvis siplemantè nou ba ou, pou gratis. Rele Sèvis Manm pou poze yo kesyon sou sa. Nou bay sèvis siplemantè sa yo pou adilt ki gen 21 ane oswa plis. Pou fanm ansent ki gen 21 ane ak plis, gen plis sèvis ki disponib pou ede yo avèk yon gwo sèvis an sante.

Sèvis	Deskripsyon	Pwoteksyon an/Limit yo	
		Adilt (laj 21 +ane)	Fanm ansent (laj 21 +ane)
Egzamen dan	Yon revizyon dan ou, dan ou yo, oswa bouch ou yon dantis fè	Nou garanti egzamen konplè yo yon fwa chak 3 zan Nou garanti egzamen tchekòp yo 2 fwa chak 3 ane	Nou garanti egzamen konplè yo yon fwa chak 3 zan Nou garanti egzamen konplè yo yon fwa chak 3 zan
Tès depistaj dantè (nan dan)	Yon revizyon bouch ou yon ijyenis dantè fè	Sa ki garanti 2 fwa chak ane	Sa ki garanti 2 fwa chak ane
Radyografi dan	Imaj andedan dan yo avèk obsèvasyon diferan	Imaj andedan dan yo avèk obsèvasyon diferan	Nou garanti tout kalite radyografi dan
Netwayaj Dan	Netwayaj debaz ki ka gen ladan, bwose, fwote ak polisaj dan	Sa ki garanti 2 fwa chak ane	Sa ki garanti 2 fwa chak ane
Fliyò	Yon medikaman dantis la mete nan dan yo pou fè yo vin pi solid	Sa ki garanti 2 fwa chak ane	Mastik yo pa garanti
Mastik	Mastik ki mens ak plastik ki pentire nan fant dan sifas mastikasyon adilt pou ede evite twou nan dan yo	Garanti 1 fwa chak 3 zan pou chak dan mastikasyon (dèyè) adilt	Mastik yo pa garanti
Enstriksyon pou Sante Oral	Edikasyon sou fason pou bwose dan ou, pou pase fil dantè ladan yo epi pou kenbe yo an sante	Sa ki garanti 2 fwa chak ane	Mastik yo pa garanti
Plonbaj	Yon sèvis swen dan pou fikse oswa pou repara dan yo	Nou garanti kèk sèvis plonbaj pou dan devan ak dan dèyè (mastikasyon) jan yo nesèsè pou rezon medikal	Mastik yo pa garanti.
Pawodonti	Netwayaj konplè ki ka gen ladan dan ak jansiv ou	Nou garanti kèk sèvis netwayaj konplè jan yo nesèsè pou rezon medikal	Nou garanti kèk sèvis netwayaj konplè jan yo nesèsè pou rezon medikal

SMDPH = Plan Medicaid pou Swen Dan nan Eta a Dental Health Plan

Sèvis	Deskripsyon	Pwoteksyon an/Limit yo	
		Adilt (laj 21 +ane)	Fanm ansent (laj 21 +ane)
Rache dan	Rache dan	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal
Sèvis Jeneral yo	Konsiltasyon dan pou ale nan klinik yon dantis pou jwenn yon dezyèm pwendvi ak tretman pou doulè dan	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal	Nou garanti li jan li nesèsè pou rezon medikal
Tès pou Detekte Dyabèt	Tès pou detekte dyabèt nan klinik dantis	Garanti 1 fwa chak ane	Garanti 1 fwa chak ane
Vizit nan Klinik Dantis pou Moun ki Andikape	Yon vizit nan klinik dantis pou vin alèz avèk klinik la ak dantis la	Covered for persons with intellectual disabilities 1 time for every new dental office or dentist	Covered for persons with intellectual disabilities 1 time for every new dental office or dentist

Bon Sante Dan

Bon sante bouch enpòtan pou tout manm fanmi ou. Dan ou ak fason ou souri se premye bagay moun remake. Men, anpil moun panse yo pa bezwen ale nan klinik dantis sof si yo santi doulè nan bouch yo.

An nou ba ou enfòmasyon. Yon vizit nan klinik dantis kapab anpeche ou oswa pitit ou vin gen twou nan dan, maladi jansiv ak lòt pwoblèm. **Sa vle di, ou kapab evite pifò maladi dan avèk swen regilye.**

EPSDT (Tès Depistaj Peryodik Bonè, Diagnosis ak Tretman) se pwoteksyon sante nan Medicaid pou timoun ak adolesan. Blue Cross bay sèvis EPSDT pou manm ki poko gen laj 21 ane. Men kèk egzanp sèvis swen dan:

- Egzamen ak netwayaj chak 6 mwa
- Radyografi
- Tretman avèk fliyò ak kèk mastik dan
- Plonbaj, rache-dan, ak lòt tretman tankou SMDPH ki nesèsè pou rezon medikal

Pran yon randevou pou yon tchekòp avèk dantis ou jodi a. Sa enpòtan yon fason espesyal si oumenm oswa pitit ou gen pwoblèm medikal tankou dyabèt oswa maladi kè ki afekte sante dan ou tou.

SMDPH = Plan Medicaid pou Swen Dan nan Eta a Dental Health Plan

Pi bon pati sèke ou kapab ale nan klinik dantis la pou GRATIS. Lè ou se yon manm Plan Florida Medicaid Statewide, oumenm oswa pitit ou kalifye pou yon tchekòp dantè chak sis mwa. Pa rate okazyon an.

Seksyon 13 SATISFAKSYON MANM

Plent, Doleyan, ak Kontestasyon nan Plan an

Nou vle pou ou kontan avèk nou ak swen ou resevwa nan mwen pwofesyonèl swen sante nou yo. Fè nou konnen touswit si nenpòt lè ou pa kontan avèk nenpòt sèvis konsènan nou oswa pwofesyonèl swen sante nou (yo). Sa gen ladan si ou pa dakò avèk yon desizyon nou pran.

	Sa u Kapab Fè:	Sa Nou Pral Fè:
Plent	<p>Si ou pa kontan avèk nou oswa pwofesyonèl swen sante ou yo, ou kapab depoze yon</p>	<p>N ap:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Eseye rezoud pwoblèm ou nan yon jou ouvrab.
Doleyan	<p>Si ou pa kontan avèk nou oswa pwofesyonèl swen sante nou yo, ou kapab depoze yon</p>	<p>N ap:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Revize doleyans ou epi voye yon lèt ki gen desizyon nou an ladan nan 90 jou. <p>Si nou bezwen plis tan pou rezoud yon doleyans, n ap:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Voye yon lèt ba ou k ap gen ladan rezon nou epi fè ou konnen dwa ou si ou pa dakò.
	<p>Ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kontakte nou nan nenpòt lè. 888-468-5509, TTY 800-466-7566 	<p>DentaQuest Attn: Complaints & Grievances Department PO Box 2906 Milwaukee, WI 53201-2906</p> <p>Fakse doleyans ou nan nimewo: 262-834-3452 888-468-5509 TTY 800-466-7566</p>

Sa u Kapab Fè:	Sa Nou Pral Fè:
<p>Si ou pa dakò avèk desizyon nou pou ba ou refi a, ou kapab fè yon Kontestasyon</p>	<p>Ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekri nou, rele nou, epi fè swivi alekri, nan 60 jou apre desizyon nou konsènan sèvis ou yo. • Mande pou sèvis ou yo kontinye nan 10 jou apre ou resevwa lèt nou, si li nesèsè. Ka gen règ ki anvigè. <p>DentaQuest - Provider Appeals PO Box 2906 Milwaukee, WI 53201-2906</p> <p>Fakse doleyans ou nan nimewo: (262) 834-3452</p> <p>888-468-5509 TTY 800-466-7566</p>
<p>Si ou panse si ou rete tann 30 jou sa ap mete sante ou an danje, ou kapab mande pou gen yon Kontestasyon Ekspeditif oswa "Rapid"</p>	<p>Ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekri nou oswa rele nou nan 60 jou apre desizyon nou konsènan sèvis ou yo. <p>DentaQuest – Provider Appeals PO Box 2906 Milwaukee, WI 53201-2906</p> <p>Fakse doleyans ou nan nimewo: (262) 834-3452</p> <p>888-468-5509 TTY 800-466-7566</p>

Sa u Kapab Fè:	Sa Nou Pral Fè:
<p>Si ou pa kontan avèk desizyon nou pran konsènan kontestasyon ou, ou ka mande pou gen yon Odyans san Paspouki nan Medicaid.</p>	<p>Ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekri Ajans pou Swen Sante Biwo Administrasyon Odyans san Paspouki. • Mande nou yon kopi dosye medikal ou. • Mande pou sèvis ou yo kontinye nan 10 jou apre ou resevwa lèt nou, si li nesèsè. Ka gen règ ki anvigè. <p><i>**Ou dwe fini pwosesis kontestasyon an avan ou kapab jwenn yon Odyans san Paspouki nan Medicaid.</i></p>

Kontestasyon Rapid nan Plan an

Si nou bay refi pou demann ou pou yon kontestasyon rapid, n ap transfere kontestasyon ou nan limit tan kontestasyon regilye ki se 30 jou. Si ou pa dakò avèk desizyon nou pou pa ba ou yon kontestasyon rapid, ou kapab rele nou pou fè yon doleyans.

Odyans san Paspouki nan Medicaid (pou moun ki nan Medicaid)

Ou ka mande pou gen yon odyans san paspouki nenpòt lè jiska 120 jou apre ou resevwa yon Avi pou Rezolisyon Kontestasyon Plan an depi ou rele oswa voye yon lèt ba:

Agency for Health Care Administration
Medicaid Fair Hearing Unit
P.O. Box 60127
Ft. Meyers, FL 33906

1-877-254-1055 (koutfil gratis)
1-239-338-2642 (faks)
MedicaidFairHearingUnit@ahca.myflorida.com

Si ou mande yon odyans san paspouki alekri, tanpri mete enfòmasyon ki anba la yo ladan:

- Non ou
- Nimewo manm ou
- Nimewo ID Medicaid ou

- Yon nimewo telefòn kote nou kapab kontakte ou oswa reprezantan ou

Ou ka mete enfòmasyon sa yo tou si ou genyen yo:

- Pou kisa ou panse nou ta dwe chanje desizyon an
- Nenpòt enfòmasyon medikal pou sipòte demann lan
- Moun ou ta renmen ede ou avèk odyans san paspouki ou

Aprè Ajans pou Administrasyon Swen Sante resevwa demann ou pou odyans san paspouki, y ap fè ou konnen alekri yo resevwa demann ou pou odyans san paspouki. Yon ofisyè odyans ki travay pou Eta a ap revize desizyon nou te pran an.

Si ou se yon manm Tit XXI MediKids, ou pa gen pèmasyon pou gen yon Odyans san Paspouki nan Medicaid.

Revizyon Leta fè (pou Moun ki Enskri nan MediKids)

Lè ou mande pou gen yon revizyon, yon ofisyè odyans ki travay pou leta ap revize desizyon nou te pran pandan kontestasyon nan plan an. Ou ka mande pou leta fè yon revizyon nenpòt lè jiska 30 jou apre ou resevwa avi a. Ou dwe fini pwosesis kontestasyon ou anvan.

Ou ka mande pou leta fè yon revizyon depi ou rele oswa depi ou voye yon lèt ba:

Agency for Health Care Administration
P.O. Box 60127
Ft. Myers, FL 33906

(877) 254-1055 (koutfil gratis)
239-338-2642 (faks)
MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com

Aprè Ajans lan resevwa demann ou pou odyans san paspouki, y ap fè ou konnen alekri yo resevwa demann ou.

Kontinyasyon Avantaj yo pou Moun ki nan Medicaid

Si w ap resevwa yon sèvis kounye a ki pral redui, sispann oswa fini, ou gen dwa pou kontinye resevwa sèvis yo jouk lè nou pran yon desizyon final pou **kontestasyon ou nan Plan** an oswa nan **odyans san paspouki ou avèk Medicaid**. Si nou kontinye sèvis ou yo, p ap gen chanjman nan sèvis ou yo jouk lè nou pran yon desizyon final.

Si nou kontinye sèvis ou yo epi desizyon nou pran an pa anfavè ou, nou ka mande ou pou peye lajan pou sèvis yo. Nou p ap retire avantaj Medicaid ou.

Nou pa kapab mande fanmi ou oswa reprezantan legal ou pou peye pou sèvis yo.

Pou mande pou sèvis ou yo kontinye pandan kontestasyon oswa odyans san paspouki ou, ou dwe depoze kontestasyon ou epi ou dwe mande pou kontinye sèvis ou nan limit tan sa a kèlkeswa sa ki vini apre a:

- 10 jou apre ou resevwa yon Avi pou Detèminasyon Negatif konsènan Avantaj yo (Notice of Adverse Benefits Determination, NABD), oswa
- Nan oswa anvan premye jou sèvis ou yo pral redui, sispann oswa fini

Seksyon 14 DWA OU GENYEN KÒM MANM

Lè ou se yon moun ki nan Medicaid ak yon manm nan yon plan, ou gen sèten dwa tou. Ou gen dwa pou:

- Jwenn tretman avèk koutwazi ak respè
- Jwenn respè pou diyite ou ak enfòmasyon prive ou toutan
- Resevwa yon repons ki rapid ak itil pou kesyon ak demann ou yo
- Konnen kimoun k ap ba ou sèvis medikal yo, epi kimoun ki responsab pou ba ou swen sante
- Konnen ki sèvis ki disponib pou manm yo, tankou si yon entèprèt disponib si ou pa pale lang Anglè
- Konnen ki règ ak lwa ki aplike pou konduit ou
- Resevwa enfòmasyon konsènan dyagnostik ou, tretman ou bezwen, chwa tretman yo. Risk yo ak fason tretman sa yo pral ede ou
- Refize nenpòt tretman sof si lalwa prevwa sa
- Resevwa tout enfòmasyon sou lòt fason pou ede peye pou swen sante ou
- Konnen si pwofesyonèl swen sante a oswa sant medikal la aksepte tarif afektasyon Medicare
- Fè ou konnen anvan ou resevwa yon sèvis kantite lajan li ka koute ou
- Resevwa yon kopi bòdwo ou epi jwenn eksplikasyon sou pri yo
- Resevwa tretman medikal oswa èd espesyal pou moun ki andikape kèlkeswa ras li, peyi kote li soti, relijyon li, andikap li oswa sous peman li
- Resevwa tretman pou nenpòt ijans sante k ap vin grav si ou pa resevwa tretman an

- Konnen si tretman medikal la se pou fè rechèch pou eksperyans, epi pou dakò oswa pou refize patisipe nan rechèch pou eksperyans lan
- Fè yon plent lè nou pa respekte dwa ou yo
- Mande pou yon lòt doktè lè ou pa dakò avèk doktè ou (dezyèm pwendvi medikal)
- Resevwa yon kopi dosye medikal ou epi mande pou yo ajoute oswa korije enfòmasyon ki nan dosye ou si li nesèsè
- Mande pou yo kenbe dosye medikal ou konfidansyèl epi pou yo divilge li sèlman lè lalwa egzije sa oswa avèk apwobasyon ou
- Deside fason ou vle pou yo pran desizyon yo si ou pa kapab pran yo poukont ou (enstriksiyon davans)
- Depoze yon doleyans konsènan yon afè ki pa desizyon plan an te pran konsènan sèvis ou yo
- Pou konteste yon desizyon plan an, konsènan sèvis ou yo
- Resevwa sèvis yo nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa fè pati nan plan nou an (ki pa nan rezo a) si nou pa kapab jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki fè pati nan plan nou an

Seksyon 15 RESPONSABLITE OU YO KÒM MANM

Lè ou se yon moun ki nan Medicaid ak yon manm nan yon plan, ou gen sèten dwa tou. Ou gen responsablite pou:

- Bay enfòmasyon ki egzat konsènan sante ou pou plan ou ak pwofesyonèl swen sante ou yo
- Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen nenpòt chanjman ou genyen sanzatann nan pwoblèm sante ou
- Rapòte ba pwofesyonèl swen sante ou si ou konprann yon pwosesis aksyon ak sa yo mande ou pou fè
- Koute pwofesyonèl swen sante ou, swiv enstriksyon yo epi tou poze kesyon
- Ale nan randevou ou yo oswa fè pwofesyonèl swen sante ou konnen si ou p ap kapab vini nan yon randevou

- Montre ou responsab pou aksyon ou yo si ou jwenn refi pou tretman oswa si ou pa swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante ou
- Asire ou fè peman pou sèvis ou resevwa ki pa garanti yo
- Swiv règ konduit ak règleman sant medikal la
- Trete ekip swen sante a avèk respè
- Fè nou konnen si ou gen pwoblèm avèk nenpòt manm pèsònèl swen sante ou
- Itilize saldijans lan sèlman pou vrè ijans yo
- Fè manadjè dosye ou konnen si ou gen yon chanjman nan enfòmasyon ou yo (adrès, nimewo telefòn, elatriye)
- Gen yon plan anplas pou ijans epi jwenn lan sa a si li nesèsè pou sekirite ou
- Rapòte fwod, abi ak peman anplis

Seksyon 16 LÒT ENFÒMASYON ENPÒTAN

Plan pou Katastwòf ki lakòz Ijans

Katastwòf kapab frape nenpòt lè. Pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou li enpòtan pou prepare Gen twa etap pou prepare ou pou yon katastwòf: 1) Pou resevwa enfòmasyon; 2) Fè yon Plan; 3) Jwenn yon Twous Rezèv. Pou jwenn èd pou plan ou pou katastwòf ki lakòz ijans, rele Sèvis Manm oswa manadjè dosye ou. Divizyon Jesyon Ijans Florida kapab ede ou tou avèk plan ou. Ou kapab rele yo nan nimewo 850-413-9969 oswa ou kapab ale sou sitwèb yo nan www.floridadisaster.org

Fwod /Abi/Peman Anplis nan Medicaid

Pou rapòte fwod ou sispèk ak/oswa abi nan Florida Medicaid, rele Liy Dirèk Plent Konsomatè gratis nan nimewo 1-888-419-3456, oswa ranpli yon Fòm Plent pou Fwod ak Abi nan Medicaid. W ap jwenn fòm nan sou entènèt nan:

<https://apps.ahca.myflorida.com/mpi-complaintform/>

Ou kapab rapòte fwod ak abi ban nou dirèkteman depi ou kontakte Sèvis Manm DentaQuest nan nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566, depi lendi jiska vandredi ant 8 am ak 7 pm pou rapòte fwod oswa abi.

Abi/ Neglijans/ Eksplwatasyon Moun

Ou pa ta dwe janm jwenn move tretman. Li pa janm bon pou yon moun frape

ou oswa fè ou santi laperèz. Ou kapab pale avèk PDP ou oswa manadjè dosye ou konsènan santiman ou yo.

Si ou santi yo maltrete ou oswa neglije ou, ou kapab rele Liy Dirèk pou Rapòte Abi nan nimewo 1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873) oswa pou TTY/TDD nan nimewo 1-800-955-8771.

Ou kapab rele liy dirèk la tou si ou konnen yon lòt moun ki viktim nan move tretman.

Vyolans nan Kay se abi tou. Men kèk konsèy itil:

- Si ou pran kou, rele pwofesyonèl swen sante prensipal ou
- Si ou bezwen swen pou ijans, rele 911 oswa ale nan saldjans lopital ki pi pre ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade seksyon ki rele SWEN POU IJANS
- Ou dwe gen yon plan pou ale yon kote ki pwoteje (kay yon zanmi oswa kay yon manm fanmi)
- Ranje yon ti valiz, bay yon zanmi ou li pou kenbe pou ou

Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen èd, tanpri rele Liy Dirèk Nasyonal pou Rapòte Vyolans nan Kay gratis nan nimewo 1-800-799-7233 (TTY 1-800-787-3224).

Fason pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Ou gen dwa pou mande enfòmasyon. Rele Sèvis Manm oswa pale avèk manadjè dosye ou konsènan ki kalite enfòmasyon ou kapab resevwa gratis. Men kèk egzanp:

- Dosye manm ou;
- Yon deskripsyon fason nou fonksyone;
- Klasman pèfòmans Kalite, tankou rezilta sondaj sou satisfaksyon manm sou sitwèb www.DentaQuest.com/Florida

Seksyon 17 LÒT RESOUS

Enfòmasyon Depatman Sante Florida (Florida Department of Health)

Pwogram Dantè Sante Piblik alatèt efò Depatman Sante pou amelyore ak

konsève sante bouch tout moun k ap viv nan Florida. Ou kapab jwenn kalite enfòmasyon ki endike anba la yo sou sitwèb yo:

- Fliyorasyon Dlo Kominote
- Sant sante ki asosye avèk sante bouch
- Pwogram mastikasyon dan ki baze nan lekòl

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Dantè Sante Piblik, tanpri ale sou sitwèb: www.flhealth.gov/dental

Pou jwenn enfòmasyon sou kalite sante bouch ki nan konte kote w ap viv la, tanpri ale sou sitwèb: <http://www.flhealthcharts.com/ChartsReports/rdPage.aspx?rdReport=ChartsProfiles.OralHealthProfile>

Enfòmasyon sou MediKids

Pou jwenn enfòmasyon sou pwoteksyon MediKids, tanpri ale sou sitwèb http://myflorida.com/medicaid/Policy_and_Quality/Policy/program_policy/FLKidCare/MediKids.shtml

Pwogram Mesaj nan Tèks DentaQuest

VOYE TÈKS SMILE NAN 1-850-204-1889 EPI RESEVWA DÈNYE ENFÒMASYON.

DentaQuest ap voye tèks ba ou konsènan avantaj dantè yo. DentaQuest ka voye konsèy ba ou tou sou sante bouch.

Rele nimewo 888-468-5509, TTY 800-466-7566 si ou gen kesyon sou avantaj dantè ou yo.

FÒM PRIM ANKOURAJMAN POU MANM KI GEN KONPÒTMAN KI BON POU SANTE

Pou resevwa chèk-kado \$20 Walmart ou:

- Retounen fòm ou siyen an pa lapòs ba DentaQuest.
- Resevwa yon sèvis ki admisib.
- Chwazi pou antre nan pwogram mesajri tèks DentaQuest depi ou bay nimewo telefòn selilè ou.

Laj 0 - 20 ane: () Mwen te fè yon tchekòp dan jodi a!
Nan 180 jou apre enskripsyon te gen youn nan sèvis admisib yo. () Mwen te fè yon tretman fliyò topikal jodi a!
() Dantis la te mastike 2yèm molè mwen yo jodi a!

Laj 2 - 3 ane: () Mwen te fè yon tchekòp dan jodi a!

Laj 19 - 20 ane: () Mwen te fè yon tchekòp dan jodi a!

Pwogram Mesaj nan Tèks DentaQuest: () Mwen dakò pou antre nan pwogram mesajri nan tèks!

*Dantis: Tanpri chwazi sèvis manm lan te resevwa a.

Enfòmasyon sou Manm

Prenon _____ Non Fanmi _____ Dat Nesans _____

Adrès Postal _____

Vil, Eta _____ Kòd Postal _____ Telefòn _____

Nimewo ID Manm Medicaid _____

Enfòmasyon sou Dantis la

(Tanpri siyen oswa mete so pou konfime manm ki endike anwo a te resevwa sèvis yo)

Non Klinik lan (tanpri ekri an lèt detache) _____ Non Dantis la (tanpri ekri an lèt detache) _____

Siyati Dantis _____ la Dat _____

Nimewo NPI Dantis ki bay Sèvis la _____

Si ou gen kesyon, tanpri rele
DentaQuest gratis nan nimewo
888-468-5509 TTY 800-466-7566.

Voye fòm ou ranpli a pa lapòs oswa imèl li ba:
DentaQuest, FL Statewide Medicaid Dental Program
8300 NW 53rd Street, Suite 200
Doral, FL 33166

NOUVO SONDAJ SOU SATRISFAKSYON MANM

InPou nou kapab ba ou pi bon swen ki posib la, tanpri reponn kesyon ki endike anba la yo. Reponn yon kesyonè sondaj la pou chak moun lakay ou ki se manm nan Pwogram Medicaid pou Swen Dan. Voye fòm ou ranpli (yo) retounen pa lapòs nan adrès postal ki endike anba la a. Ou kapab telechaje nouvo sondaj manm yo sou sitwèb www.DentaQuest.com/Florida.

Istwa Swen Dan ou

Non Manm lan: _____

Nimewo ID Medicaid: _____

1. Kijan ou ta klase sante jeneral bouch ou?

- Pa Bon
- Ditou Pa
- Bon
- Nòmmal
- Ekselan

2. Konbyen fwa ou

- a. Bwose dan ou epi pase fil dantè ladan yo?
- b. Bwè bwason sikre ou?
- c. Èske ou gen dlo Minisipalite Vil la oswa dlo Pi?

3. Èske ou gen dantis swen prensipal epi kilè ou te gen dènye vizit avèk li pou swen dan ou?

- Wi Non

Si ou reponn wi, Mwa: _____ Ane: _____

4. Kisa dantis la te fè pou ou nan randevou a? Chwazi tout sa ki konsène ou.

- Tchekòp (egzamen ak radyografi)
- Netwayaj
- Plonbaj dan
- Maldan
- Kanal Radikilè/ Kouwòn
- Fodan
- Lòt _____

5. Èske ou te ale nan Depatman Ijans nan dènye 12 mwa yo pou pwoblèm ki asosye avèk dan?

Wi Non

Si ou reponn wi, tanpri eksplike:

6. Èske ou gen doule nan dan nan moman an oswa lòt pwoblèm dan?

Wi Non

Si ou reponn wi, èske nou kapab ede ou pran yon randevou?

Wi Non

Pi bon nimewo telefòn pou kontakte ou: _____

Pi bon lè/jou pou kontakte ou: _____

Lòt Pwoblèm Medikal

Nou enterese nan sante manm nou yo depi nan tèt pou rive nan zòtèy. Pwoblèm medikal kwonik yo kapab gen konsekans sou sante bouch ou.

7. Èske ou gen pwoblèm medikal kwonik oswa èske ou ansent?

Wi Non

8. Si ou reponn wi, tanpri endike ki pwoblèm medikal kwonik ou genyen

Ansent

Dyabèt

Maladi Kè

Maladi Ren

Maladi Poumon

Kansè

Sante Konpòtmantal/Abi Alkòl/Dwòg

Lòt _____

Lòt Bezwen

9. Èske ou bezwen èd pou resevwa swen ou bezwen an?

Wi Non

10. Si ou reponn wi, ki pwoblèm ki anpeche ou resevwa swen an? Chwazi tout sa ki konsène ou.

Sèvis Transpò

Lang

Lojman

Sèvis Piblik (elektrisite)

Manje

Lòt _____

11. Avèk ki plan Swen Sante Kontwole Medicaid Leta ou ye?

12. Kimoun ki se Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou?

Voye fòm sa a pa lapòs ba:

DentaQuest

ATTN: Jesyon Dosye

8300 NW 53rd Street, Suite 200

Doral, FL 33166



**11100 W. Liberty Drive
Milwaukee, WI 53224**

Nimewo Envant è: DQ1276 (1.19) HB/CR